# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस वे के प्रदेस सरकार एडवांस ट्रैफिक मैनेजमेंट सिस्टम एटीएमएस से जोड़े जा रहल हौ। येह बारे में उत्तर प्रदेस औद्योगिक विकास प्राधिकरण यूपीडा एजेंसी तय कइले और येह काम के आगे बढ़ावे बदे प्रक्रिया सुरू कइ दिहले हवे। येह एक्सप्रेस वे पर ट्रैफिक मैनेजमेंट कमांड सेंटरो बनावल जाई। एकरे जरिये ट्रैफिक मॉनीटरिंग आ प्रबन्धन क काम होई। एक्सप्रेस वे के दुन्नो तरफ मोशन डिटेक्शन सर्विलांस कैमरा आ स्पीड डिटेक्शन सिस्टम के लगावल जाई। एकरे जरिये तय गति सीमा से तेज चले वाली गाड़ियन के बारे में अलर्ट जारी हो सकी। येह गाड़ियन के कंट्रोल रूम के जरिये पता कइल आसान हो जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ वाराणसी में भारतीय जनता युवा मार्च की ओरि से एक दिन के सदस्यता कार्यशाला में आजु हिस्सा लिहलीं। येह मौका पर उहां के कहलीं कि आजु जरुरति हौ कि हमनी के देस खातिर कुछु करीं। नौजवान येहमे परमुख भूमिका निभा सके लें। उत्तर प्रदेस के आजु देस में सबसे नौजवान प्रदेस के तौर पर जानल जाला। अइसने में प्रदेस क जिम्मेदारी जियादा हौ। येह एक दिन के कार्यसाला क सुरुआत भारतीय जनता युवा मोर्चा क राष्ट्रीय महामंत्री राजू विष्ट आ प्रदेस अध्यक्ष प्रांशु दत्त द्विवेद्वी कइलें।

मुख्यमंत्री वाराणसी में बाबा विश्वनाथ आ काल भैरव मंदिर में दर्सन पूजन कइलें। उहां के संपूर्णानंद संस्कृत विश्वविद्यालय भी पहुंचलीं।। ओहवां ऊ पांडुलिपियन के संरक्षण बदे कइल जा रहल कामकाज के देखलीं।

मुख्यमंत्री चंदौली जिला में अघोराचार्य बाबा कीनाराम जी के चार सौ पचीसवीं जयंतियों में हिस्सा लिहलें।

**********

प्रदेस सरकार में उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य मिर्जापुर जिला के चंदईपुर गांवसभा में आजु रोजगार आ ऋण मेला अउरि टैबलेट वितरण कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के येह मौका पर स्वयं सहायता समहून के तेरह करोड़ पचास हजार क रिवाल्विंग फंड, बैंक सखियन के प्रशस्ति पत्र, आवास योजना के लाभार्थियन के चाभी आ आईटीआई के सौ अभ्यर्थियन के नियुक्ति पत्र दिहलीं। जनसभा के संबोधित करत उप मुख्यमंत्री लोगिन से आह्वान कइलीं कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के बरिस दुई हजार सैंतालिस तक के विकसित भारत के सपना के पूरा करे बदे सबके आपन हिस्सेदारी करे के पड़ी। येह मौका पर प्रदेस सरकार में प्राविधिक शिक्षा आ उपभोक्ता मामिलन क मंत्री आशीष पटेलो मौजूद रहलें।

**********

जौनपुर जिला में वाराणसी प्रतापगढ़ रेल मार्ग पर पड़े वाले जंघई स्टेसन पर यार्ड रिमॉडलिंग के काम के नाते चउहत्तर गाड़ी अब येह स्टेसन से होकरे नाई जइहैं। येहवां से खाली आठ रेलगाड़ी जईहैं। स्टेसन अधीक्षक कोमल सिंह बतउलें कि उत्तर रेलवे पछिला तीस अगस्त के येह बारे में आदेस जारी कइले हौ। ई बदलाव तीन सितम्बर से लेके बाइस सितम्बर ले लागू रही। येह रस्ता के कुछु गड़ियन के रद्द कइ दिहल गईल हौ आ कई गो गड़ियन के रस्ता बदलि के चलावल जा रहल हौ।

**********

प्रदेस के सत्ताइस जिलन में दस अगस्त से सुरु भइल सर्वजन दवा सेवन एमडीए अभियान बिहने पूरा हो जाई। गोरखपुर आ बस्ती मंडल के सज्जो सात जिलन में ई अभियान चलावल जा रहल हौ। येह अभियान के तहत स्वास्थ्य विभाग क टीम घरे घरे जाके फाइलेरिया से बचाव क दवा खिला रहलि हौ। गोरखपुर क जिला मलेरिया अधिकारी अंगद सिंह बतउलन कि जिला में सन्निच्चर के संझा ले करीब पैंतीस लाख चउदह हजार लोगि दवाई खा लेहले रहलें। अभियान पूरा भइले के बादे लोगि ई दवा नजदीक के स्वास्थ्य केंद्र पर जाके खा पइहैं। दुई बरिस से अधिक उमिरी के लोगिन के ई दवा खाएके हौ। खाली गर्भवती आ जियादा गंभीराहे बेमार लोगि इ दवा नाई खइहैं।

**********

केंद्र सरकार दूरसंचार अधिनियम दुई हजार तेईस के सुरुआती नियमन के अधिसूचित कइ दिहले हौ। एके डिजिटल भारत निधि क नांव दिहल गईल हौ। ई अधिनियन पहले से लागू यूनिवर्सल सर्विस ऑब्लिगेशन फंड क जगहि लेई। अधिसूचना के हिसाबि से योजना आ कार्यक्रम के क्रियान्वयन करे वालन के डिजिटल भारत निधि से पइसा दिहल जाई। येह निधि से दूरसंचार सेवा ग्रामीण इलाकन में आ वंचित लोगिन के बिच्चे पहुंचावल जाई।

**********

देस भर में आजु से राष्ट्रीय पोषण सप्ताह मनावल जा रहल हौ। ई हरि सालि एक सितम्बर से सात सितम्बर ले मनावल जाला। येह सालाना कार्यक्रम के सुरूआत बरिस उन्नीस सौ बयासी में महिला आ बाल विकास मंत्रालय क खाद्य अउरि पोषण बोर्ड के ओरि से कइल गइल रहे। पोषण सप्ताह क उद्देस्य जनता के बिच्चे पोषण आ स्वास्थ्य से जुड़लि जागरूकता के स्तर के बढ़ावल हौ। येह दौरान लइकन से लेके बुजुर्गन ले अलगि अलगि आयु समूहन के पोषण संबंधी आवस्यकता के बारे में समुदाय के अलगि अलगि कार्यक्रमन के जरिये सिक्षित कइल जाई।

**********